
A tout timoun nan mond lan
AN N LAVE MEN NOU ANSANM
Lave men w pou w ka rete vivan
Handwashing for health and life
1 Depi m piti yo aprann mwen pou m lave menm ak savon detanzantan pandan jounen an
2 Kisa? Chak kilè m dwe lave men m ?
3 (1) Lè w rantre lakay ou apre w te nan lari
Lave men w, kan ou rive lakay ou
wi
4 (2) Lè w sot nan twalèt
5 (3) Avan w manje yon bagay
Ou te lave men w ?
wi! Mèsi
6 Kisa ? Poukisa m dwe lave menm ?
7 Paske men n ak dwèt nou toujou parèt pwòp
Men gen anpil mikròb ak viris ke n pa ka wè···
8 Lè n manje ak men n san lave
Ak lè nou manyen figi nou, mikròb yo rantre nan kò nou swa apati je nou, oubyen bouch nou oubyen apati nen nou. Epi...
9 Vant nou tonbe fè n mal
10 Nou vin n malad
11 Aprè m sot nan patiraj, yo di m, mwen dwe lave men m ak savon
Ni lè m manyen fatra
12 Ou wè, se konsa !
Floc, Cric - crac
13 Lè w mouye men w sèlman, sa pa touye mikròb yo
Kisa, ou kwè se vre ?
14 Mikròb yo pa renmen kim savon
Se sak fè nou dwe kite savon an fè kim poul ka touye mikròb yo.
SOAP
M konprann
15 Kijan nou dwe lave men nou ak savon ?
1 2 3 4···
Nap lave men n pandan nap konte jiska 30
Lave l ak kim savon an
Lave men nou ak dlo
Fè savon an fè kim
Pla men yo
do men yo
dwèt pous yo
dwèt ou
zong ou
koud men w yo
16 Aprè, lave savon an ak dlo kap koule
Siye l ak yon sèvyèt pwòp epi kite l sèch
17 Men nan katye m rete a pa gen bon dlo, Fò m mache pandan anpil kilomèt pou m jwenn dlo potab
Nan sans sa, m paka ap gaspiye dlo a nan lave men
18 Wi, dlo vrèman enpòtan
Men gen yon bann fason nou ka lave men n san n pa gaspiye twòp dlo
Tippy - Tap
dlo a soti tou piti lè n peze baton ki anba a
Savon
Materyèl pou n lave men n
Dlo a soti lè n ouvri robinè a
Rezèvwa
Savon
Itilize yon bouwa pou n lave men n
Savon
Nou ka itilize yon Vè dlo pou n fè sa
Vide dlo nan bouwa la epi lave men nou youn aprè lòt
Toujou itilize dlo ki pwòp
19 Ann reflechi ansanm poun wè kòman nou ka detwi mikròb nan men timoun ki nan mond lan
Ann ogmante kantite timoun kap viv an sante!
JICA
Handwashing for health and life